




WALMART AK THE WALTONS GEN MWAYEN POU FÈ PI PLIS!

Tout kote nan peyi a, anplwaye Walmart ap pwoteste pou mande pi bon salè; aksè nan orè travay atanplen, ak konsistan; ak respè nan travay la. Y ap pwoteste pou fè djòb yo vin pi bon, men Walmart souvan fè vanjans kont yo menmsi konpayi an gen mwayen pou fè pi plis.

- Pwopriyetè Walmart yo, fanmi Walton, gen yon fòtin \$150 milya dola. Epi yo mete \$8.6 milyon dola sou li chak jou.
- Walton yo sèlman gen apeprè menm kantite lajan avèk 43% fanmi ameriken yo *ansanm*!
- Walmart manipile orè travay anplwaye yo epi ofri anplwaye yo ti salè, sa ki fè anplwaye yo pa gen mwayen pou yo mennen lavi yo kòmsadwa.
- Walmart ak Walton yo vòlè plis pase \$8 milya dola chak ane sou kontribiyab yo ki fòse sibvansyone manje, swen sante ak lojman pou anplwaye Walmart yo k ap debat avèk lavi a.

EDE NOU EGZIJE WALMART POU YO FÈ PI PLIS.

- Rele biwo santral Walmart nan nimewo 479-273-4000 epi peze 3. Fè yo konnen ou panse Walmart gen mwayen pou trete anplwaye yo avèk respè.
- Voye twit nan #WalmartStrikers pou fè yo konnen ou sipòte batay anplwaye yo.



www.blackfridayprotests.org